



Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè Konte Miami Dade Pwogram Evalyasyon Espesyal Kondominyòm Apèsi sou pwogram nan

Pwogram sa a va ede pwopriyetè kondominyòm ki ap viv ladan yo ki gen finans limite, fè fas a egzijans evalyasyon espesyal ki asosye ak reyabilitasyon/reparyasyon nan kad egzijans resètifikasyon entegrite bilding ki aplikab la. Fon taks siplemantè yo va nan fòm yon prè epi revni anyèl medyan fanmi an pa ka depase limit maksimòm 140% jan sa endike nan tablo limit revni Konte Miami-Dade la. Kondisyon prè yo va estriktire pou bese fado finansye a sou fanmi yo pandan yo ap rekonèt nesessite pou asire konfòmite ak pwogram taks siplemantè a.

- Pwogram nan va regle zafè domaj fizik nan kondominyòm nan
- Pwogram nan va ede fanmi yo ak/oswa pwopriyetè kay
- Pwogram nan va ede Pwopriyete Kondominyòm atravè tout Konte a
- Pwopriyetè a dwe abite nan apatman an ki dwe rezidans ak domisil prensipal li; Pwopriyetè investisman yo pa elijib pou pwogram asistans lan
- Pwogram nan va bay prè jiska \$50,000.00 ak yon tèm ranbousman 40 ane.
- Peman mansyèl la pral \$50.00 pou fanmi ki gen revni fèb ki gen rès dèt nan Dat Matirite.
- Peman chak mwa pou fanmi ki gen revni modere yo va kalkile nan to enterè 0.00% pou 40 ane.
- Yo dwe itilize nenpòt byen an lajan kach ki depase \$50,000.00 pou avalwa jiska 10% montan prè a.
- Si pwopriyetè a vann pwopriyete a, refinanse l pou li pran lajan sou li oswa si li sispann itilize kay la kòm rezidans prensipal, li dwe peye rès dèt la.
- Lè pwopriyetè a mouri, yo dwe peye dèt la totalman sòf si pwopriyetè pwopriyete a pase nan men eritye pwopriyetè a epi eritye sa yo satisfè kritè annapre yo: (a) ap viv nan pwopriyete a, (b) pa touche plis pase pousantaj maksimòm aktivite finansman AMI nan moman transfè a, epi (c) siyen dokiman apwopriye jan Konte Miami-Dade egzije sa.
- Evalyasyon yon sèl fwa pou chak pwopriyetè apatman
- Yo va dwe peye fon reyabilitasyon yo bay Asosyasyon Kondominyòm nan
- Yo va egzije ak revize Bidjè Kondominyòm nan ak kesyonè Kondo a
- Peman ipotèk ak frè HOA/antretyen yo dwe ajou
- Gen yon deskripsyon travay yo dwe fè ak/oswa yon Dimansyon Travay la ki va obligatwa pou detèmine asistans prè a
- Yo va egzije rapò semèstriyèl ki soti nan Asosyasyon Kondominyòm nan



LOJMAN PIBLIK AK DEVLOPMAN KOMINOTÈ KONTE MIAMI-DADE

PWOGRAM EVALYASYON ESPESYAL KONDOMINYÒM APÈSI SOU PWOGRAM LAN

Pwogram sa a pral ede pwopriyetè ki gen mwayen lajan ki limite ki ap viv nan kondominyòm reponn ak egzijans evalyasyon espesyal ki vini avèk reyabilitasyon/reparasyon kòm konsekans egzijans resètifikasyon entegrite bilding ki aplikab. Fon taks siplemantè yo pral nan fòm yon prè epi revni anyèl medyan fanmi pa ka depase limit maksimòm 140% jan sa endike nan tablo limit revni Konte Miami-Dade la. Kondisyon prè yo pral estriktire yon fason pou bese fado finansye a sou fanmi yo pandan yo ap rekonèt nesosite pou asire konfòmite avèk pwogram Taks siplemantè a. **Yon deskripsyon travay ki dwe fèt la ak/oswa Dimansyon Travay la ap obligatwa pou detèmine èd pou prè a.**

Yo chwazi aplikan yo sou baz premye arive, premye sèvi. Tanpri ranpli fòm ki vini ak dokiman an epi retounen yo pa lapòs oswa remèt yo nan men; **yo p ap aksepte aplikasyon yo voye nan imel.**

DOKIMAN KI NESESÈ

1. Lisans chofè Florida ki valid oswa kat idantite Eta a bay moun ki majè
2. Garanti tit, Quit Claim Deed oswa lòt prè sou pwopriyete a
3. Kat (4) dènye souch chèk yo, alokasyon chomaj, lèt valid ki di yo apwouve sekirite sosyal ou ak prè ki montre ou gen pansyon, sipò timoun/peman pansyon alimantè, si li aplikab
4. Kopi kat sekirite sosyal pou aplikan an ak moun ki aplike avèk li a sèlman
5. Prè sitwayènte ameriken oswa rezidans legal pèmanan ki valid
6. Relve kont labank 3 dènye mwa yo pou tout kont yo; yo dwe endike montan chak mwa yo
7. Peman ipotèk la dwe ajou epi ou dwe bay kopi relve ipotèk ki valid. (Yo pa aksepte Koupon) Kopi frè aktyèl Asosyasyon Pwopriyetè Kay (Homeowners Association, HOA)
8. Batistè pou tout moun nan kay la kèlkeswa laj yo. Yo pa aksepte kat nesans.
9. Deklarasyon Taks Federal sou Revni pou 2 dènye ane yo ki gen ladan l fòm W-2 yo, tout paj ak fòm taks yo.
10. Fòm SSA-1099 ki valid
11. Prè asirans kont danje, asirans kont inondasyon; si sa aplikab.
12. Kopi dènye bòdwo sèvis piblik yo (bòdwo kouran ak dlo)
13. Kopi dokiman ki di yo retire dèt fayit yo sou do w ki gen ladan tout anèks ak paj yo; si sa aplikab
14. Ak Divòs ak/oswa Ak Desè; si sa aplikab

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis ak kondisyon prè a, tanpri kontakte PHCD, Shawn Topps nan 786-469-2209.

Ajiste pou Kantite Moun ki nan Fanmi an

				Medyan		
KANTITE MOUN KI NAN FANMI AN	30%	50%	80%	100%	120%	140%
	< E. BA	<- V. BA	<-BA/MODERE >			
1	\$21,700.00	\$36,150.00	\$57,800.00	\$72,300.00	\$86,760.00	\$101,220.00
2	\$24,800.00	\$41,300.00	\$66,050.00	\$82,600.00	\$99,120.00	\$115,640.00
3	\$27,900.00	\$46,450.00	\$74,300.00	\$92,900.00	\$111,480.00	\$130,060.00
4	\$30,950.00	\$51,600.00	\$82,550.00	\$103,200.00	\$123,840.00	\$144,480.00
5	\$35,140.00	\$55,750.00	\$89,200.00	\$115,500.00	\$133,800.00	\$156,100.00
6	\$40,280.00	\$59,900.00	\$95,800.00	\$119,800.00	\$143,760.00	\$167,720.00
7	\$45,420.00	\$64,000.00	\$102,400.00	\$128,000.00	\$153,600.00	\$179,200.00
8	\$60,560.00	\$68,150.00	\$109,000.00	\$136,300.00	\$163,560.00	\$190,820.00

(REVNI MEDYAN AN SE \$74,700.00 POU KONTE MIAMI-DADE)

SHIP/TAKS SIPLEMANTE limite a 140 % (Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD) Etazini ka fè revizyon chak peryòd Li ap an vigè **(11 me 2023)**
(Limit REVIZE Revni ak Ipotèk **(11 me 2023)**)

Eta Sivil: Marye Selibatè Separe

Sèks: Fanm Gason

Enfòmasyon Demografik: (Tcheke tout ti kare ki annapre ki gen rapò ak sityasyon pa w)

Endyen Ameriken

Natifnatal Alaska

Azyatik oswa Moun Zile Pasifik

Nwa Ameriken

Ispanik

Blan

Lòt (Espesifye): _____

Enfòmasyon sou Travay Aplikasyon/Ko-aplikasyon:

Non Anplwaye:	Non Konpayi:	
Pozisyon:		
Adrès/Telefòn:		Lè yo Ba li Travay la:
Salè:		Chak Ki Lè Yo Peye:
Reveni Anyèl (salè brit, lè siplemantè, tep, bonis, elatriye): \$		

Non Anplwaye:	Non Konpayi:	
Pozisyon:		
Adrès/Telefòn:		Lè yo Ba li Travay la:
Salè:		Chak Ki Lè Yo Peye:
Reveni Anyèl (salè brit, lè siplemantè, tep, bonis, elatriye): \$		

Remak: Atache fèy adisyonèl si sa nesèsè pou tout moun nan kay la ki gen 18 lane e plis. Si se mwens pase 2 lane, bay enfòmasyon sou travay anvan yo.

Non Anplwaye:	Non Konpayi:	
Pozisyon:		
Adrès/Telefòn:		Lè yo Ba li Travay la:
Salè:		Chak Ki Lè Yo Peye:
Reveni Anyèl (salè brit, lè siplemantè, tep, bonis, elatriye): \$		

Revni Moun nan Kay la:

Endike chak moun ki nan kay la ki ap travay epi/oswa ki ap resevwa revni, ou ladan tou.

Lòt Sous Revni (Pou TOUT Moun ki nan Kay la ki gen 18 Lane e Plis, Endike Revni Apre Taks pou Biznis oswa Lwaye, Sipò Timoun, Pansyon Alimantè, Sekirite Sosyal, Pansyon, Alokasyon Chomaj oswa Konpansasyon Travayè, Èd Sosyal, elatriye)

Non	Tip Revni	Montan Brit Anyèl
1		
2		
3		
4		
		Total \$ _____

Byen ak Revni Byen (Pou TOUT Moun ki nan Kay la, Minè yo Ladan tou, Endike Kont Chèk ak Kont Epay, IRA, CD, Obligasyon, Aksyon, Patisipasyon nan Pwopriyete, elatriye)

Tip Byen an	Valè Byen an	Nimewo Bank/Kont	Revni Anyèl Byen an
1			
2			
3			
4			
Total \$ _____			Total \$ _____

Responsabilite (Pou TOUT Moun ki nan Kay la ki gen 18 ane e plis, Endike Dèt Kat Kredi, ak Prè pou Machin, peè Imobilye, Ipotèk, elatriye)

TipKredi/ Prè	Non moun ki bay dèt la	Rès Kòb ou Dwe	Peman Chak Mwa
1			
2			
3			
4			
			Peman Anyèl Total: \$ _____

Lòt Enfòmasyon sou Moun nan Kay La

Èske kay ou a fin peye? Wi Non. Si se non, a kilès ou fe peman pou kay ou a?

Enstitisyon ki bay prè a _____ Peman Chak Mwa _____ Telefòn _____

Nimewo Prè a _____

Non Asosyasyon Pwopriyetè Kay (HOA) _____

Montan Peman Chak Mwa _____ Telefòn _____

Frè pou Evalyasyon Espesyal _____

Dekri Amelyorasyon ki fèt yo tankou Sètifikasyon 40 ane a ak lòt resètifikasyon (si sa aplikab) pou Finansman Evalyasyon Espesyal _____

Èske ou genyen privilèj enpoze sou pwopriyete w la? Wi **Non**

Èske kay ou a nan *foreclosure*? Wi **Non**

Èske kay ou a pou vann? Wi **Non**

Èske kay ou a pou lwe? Wi **Non**

Èske ou gen Asirans/Kontra Debaz pou Pwopriyetè Kay Wi **Non**

Si se wi, tanpri bay non konpayi a ak nimewo kontra asirans lan. _____

Non Konpayi a: _____ Nimewo Telefòn: _____

Nimewo Kontra Asirans lan: _____

Èske ou gen Asirans kont Inondasyon/Asirans Prensipal Wi **Non**

Si se wi, tanpri bay non konpayi a ak nimewo kontra asirans lani.

Non Konpayi a: _____ Nimewo Telefòn: _____

Nimewo Kontra Asirans lan: _____

Selon sa mwen konnen, enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a se verite. Ak dokiman sa a, mwen otorize Konte Miami-Dade verifye enfòmasyon sa yo, ak nenpòt lòt enfòmasyon ki gen pou wè ak aplikasyon sa a.

Siyati Aplikan

Dat

Siyati Ko-aplikan

Dat

OFFICE USE ONLY: (POU SÈVIS BIWO A SÈLAMN)

Date Given to Applicant: _____

Date Returned: _____

Municipality: _____ Miami-Dade County District: _____

Property Folio Number: _____

Funding Source/ Year: _____

Year Built: _____ Homestead Exemption: Yes No



Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè Konte Miami-Dade

OTORIZASYON POU PATAJE ENFÒMASYON

Objektif dokiman sa a se pou otorize pataj enfòmasyon konsènan aplikasyon pou reyabilitasyon kay ou a nan Depatman Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè Konte Miami-Dade la pou verifye enfòmasyon ou bay nan aplikasyon w lan.

Mwen _____ bay pèmisyon nan dokiman an a Konte Miami-Dade, ki se yon sibdivizyon politik nan Eta Florida atravè **Depatman Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè** li pou li verifye enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a.

Mwen deklare ke mwen te li deklarasyon ki anwo yo epi mwen byen konprann yo piske yo aplikab pou mwen epi mwen bay konsantman mwen nan dokiman sa a pou yo pataje enfòmasyon yo pou detèmine elijiblite.

Yo ka konsidere yon foto oswa yon fotokopi otorizasyon sa a kòm ekivalan yon orijinal epi yo ka itilize li kòm yon doub orijinal.

(Non Enstitisyon ki bay Prè a)

Nimewo Prè

Non Moun Prensipal ki Resevwa Prè a

Nimewo Sekirite Sosyal

Siyati

Non Dezyèm Moun ki Resevwa Prè a

Nimewo Sekirite Sosyal

Siyati

Adrès Pwopriyete a:



Fòm Kominike pou Laprès

Mwen konprann ajan, anplwaye oswa reprezantan PHCD yo ka itilize enfòmasyon ki konsène sèvis mwen resevwa nan men Depatman Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè (yo rele nan dokiman sa a "PHCD") pou yo fè pwomosyon, piblisite ak edike kominote a sou pwogram ak sèvis li yo.

Ak dokiman sa a, mwen otorize PHCD pou li kopye, ekspoze, pibliye oswa distribye tout enfòmasyon ki gen ladan yo imaj ak odyo ki konsène mwen oswa imaj ak odyo mwen parèt ladan yo, tankou fòm ak medya konpoze oswa atistik, fòm ak medya, nan objektif pou pibliye pwogram ak sèvis PHCD yo pou rezon legal. Anplis, mwen voye jete tout dwa mwen genyen pou mwen enspekte oswa apwouve pwodui fini an, tankou kopi ekri, kote enfòmasyon mwen oswa imaj mwen parèt.

Ak dokiman sa a, mwen retire responsablite sou do PHCD ak Konte Miami-Dade pou tout reklamasyon, demann ak koz aksyon mwen menm, eritye mwen yo, reprezantan mwen yo, egzekitè mwen yo, administratè mwen yo oswa nenpòt lòt moun ki ap aji nan non mwen oswa nan non byen imobilye mwen genyen oswa ka genyen pou otorizasyon sa a.

_____ (Siyati) _____ (Dat)

_____ (Ekri Non an Lèt Detache) _____ (Adrès)

_____ (Vil, Eta, Zipkòd)

Si moun ki ap siyen an poko gen 18 ane, paran an oswa responsab legal la ta dwe bay konsantman li, nan fason annapre a) mwen sètifye ke mwen se paran oswa responsab legal _____, ki se minè yo idantifye anwo a, epi mwen bay konsantman mwen san rezèv pou sa ki di anwo a nan non moun sa a.

_____ (Siyati Paran/ Responsab Legal la) _____ (Dat)

_____ (Siyati Paran/ Responsab Legal la)



Konsènan: Politik ki gen pou wè ak Koleksyon Enfòmasyon Sekirite Sosyal

Chè Pretè:

Depatman Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè Miami-Dade, Florid egzije ou bay Nimewo Sekirite Sosyal ou a pou rezon annapre yo: Idantifikasyon ak verifikasyon; verifye si ou kapab peye dèt; epi koleksyon done (sa ki gen ladan mande rapò ki soti nan twa (3) biwo kredi). Notifikasyon sa a konfòm avèk Seksyon 119.071(5), Lwa Florid.

Mwen (nou) rekonèt ke yo te fè mwen konnen yo ap itilize enfòmasyon sou sekirite sosyal mwen (nou) pou rezon yo site anwo yo.

Pretè

Dat

Moun ki Prete avèk ou a

Dat



**KONTE MIAMI-DADE, FLORID
DEPATMAN LOJMAN PIBLIK AK DEVLOPMAN KOMINOTÈ
701 NW 1st COURT, 14th FLOOR
MIAMI, FLORIDA 33136**

DEKLARASYON POU FO TEMWAYAJ

Sa se pou sètifye, anba sanksyon pou fo temwayaj, Deklarasyon Finansye / Deklarasyon Taks Federal sou Revni ki gen siyati mwen an se yon rapò ki vrè ak egzak sou enfòmasyon finansyè mwen bay, oswa pou yo bay, Sèvis Revni Entèn pou zafè deklarasyon taks sou revni.

AVÈTISMAN: Seksyon 1010 nan Tit 13 W.S.C. tranzaksyon Administrasyon Lojman Federal la prevwa sa ki vini annapre a: "Nenpòt moun ki enfliyanse nan nenpòt fason aksyon administrasyon sa a...pou li ka fo...ap peye yon amann ki pa depase \$5,000.00 oswa li ap pran maksimòm de (2) ane prizon oswa toude.

PRETÈ

DAT

MOUN KI PRETE AVÈK OU A

DAT



Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè Konte Miami-Dade

RESI KI DI OU TE RESEVWA DOKIMAN KI PALE SOU DANJE PENTI KI ABAZ PLON

Lè w siyen fòm lan, ou rekonèt Depatman Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè te ba ou yon kopi bwochi "Renove Byen (Renovate Right)", ki eksplike risk potansyèl ki genyen pou mwen an kontak ak danje plon an akòz aktivite renovasyon yo pral fè nan lojman mwen an. Mwen te resevwa bwochi sa a anvan travay la te kòmanse.

Siyati Pwopriyetè Kay la

Dat

Ekri Non an Lèt Detache